


**Prezidan
Henry B. Eyring**
Premye Konseye nan
Premye Prezidans lan



Fanmi ak Lapriyè

Yon fwa, pandan m te chita bò kot kabann papa m lannuit la, li te pale m de anfans li. Li te pale m de lanmou paran li nan tan difisil ak lanmou Pè Selès la ak Sovè a. Mwen te konnen li te prèske mouri anba maladi kansè, konsa, sa pa t etone m lè l te konn pafwa melanje santiman li pou Pè Selès la avèk lanmou ak bonte papa terès li. Papa m te souvan di ke lè l priye, li toujou santi ke nan lespri li, li te ka wè Pè Selès la k ap souri.

Palegzanp, paran l te anseye l pou l priye kòm si l t ap pale avèk Bondye epi Bondye ap reponn ni nan lanmou. Li te bezwen egzanz sa a alafen. Lè doulè a te vin pi rèd, nou te konn jwenn ni ajenou bò kabann ni nan maten. Li te konn twò fèb pou l te retounen monte kabann nan. Li te konn di nou ke l t ap priye Papa li ki nan Syèl la pou mande l poukisa li t ap soufri si anpil konsa alòske li te toujou eseye fè efò pou l te yon bon moun. Li te di l te resevwa yon repons ki te di: “Bondye bezwen gason brav.”

Epi konsa, li te andire jiskalafen, avèk konfyans ke Bondye te renmen li, te koute li, epi t ap soulaje li. Sete yon benediksyon pou li dèske byen bonè li te konnen e li pa t janm bliye ke yon Bondye eman tou pre, atravè lapriyè.

Se poutèt sa Senyè a di paran yo: “Epi yo dwe ansenye pitit yo priye, pou yo mache dwat devan Senyè a” (D&A 68:28).

Levanjil Jezikri a te retabli—avèk Liv Mòmmon an ak tout kle Prètriz ki ka liye fanmi yo—paske Joseph Smith

te priye ak lafwa pandan l te yon tigason. Li te akèri lafwa sa a andedan yon fanmi fidèl ak eman.

Sa gen venndezan, Senyè a te bay fanmi yo konsèy sa a nan “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou mond lan” palen-tèmedyè Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo: “Maryaj ak fanmi ki gen siksè yo tabli epi yo chita sou prensip lafwa, priyè, repantans, padon, respè, lanmou, konpasyon, travay, ak aktivite rekreyatif ki pwòp.”¹

Nou dwe gen yon dèt rekonesans pwofon pou fanmi Pwofèt Joseph Smith pou fason yo te elve li. Fanmi li te ba l non sèlman egzanz lafwa ak lapriyè men egzanz repantans, padon, respè, lanmou, konpasyon, travay, ak aktivite rekreyatif ki pwòp tou.

Jenerasyon k ap vin apre w yo gen pou yo fè louwanj ou poutèt egzanz lapriyè ou kite nan fanmi ou. Ou gen dwa pa elve yon gwo sèvitè Bondye, men, atravè priyè ou ak egzanz fidelite ou, ou gen dwa ede Senyè a, Jezikri, elve bon disip byeneme.

Nan tout sa ou ka chwazi pou w fè pou ede Senyè a, lapriyè ap toujou rete baz la. Gen moun aparaman òdinè ki, lè yo priye, enspire lòt moun pou louvri je yo pou yo ka wè kiyès ki la a. Ou ka vin tounen yon moun konsa.

Panse sou siyifikasyon sa genyen pou moun ki mete ajenou avèk ou nan priyè famiyal yo. Lè yo santi w ap pale avèk Bondye ak lafwa, y ap vin gen plis lafwa pou ke yo menm tou yo pale avèk Bondye. Lè ou priye pou remèsye Bondye pou kèk benediksyon yo konnen ki te vini,

lafwa yo ap grandi nan konesans ke Bondye renmen yo epi li reponn priyè ou epi l ap reponn priyè pa yo a tou. Se bagay ki ka rive nan priyè familyal la sèlman si ou te fè eksperyans sa a nan priyè prive, an plizyè fwa.

Jiska jodia m ap jwi benediksyon ki te soti nan yon papa ak yon manman ki te konn pale avèk Bondye. Egzanp yo sou pouvwa lapriyè nan fanmi an kontinye ap beni jenerasyon ki vini apre yo.

Pitit mwen yo ak pitit pitit mwen yo beni chak jou pa legzanp paran mwen. Yo transmèt yo lafwa ke yon Bondye eman tandè e reponn priyè yo. Ou ka kreye yon eritaj konsa nan fanmi ou. Mwen priye pou w ka fè sa.

NÒT

1. "Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou mond lan," *Liahona*, Nov. 2010, 129.

SELEBRE 20TYÈM ANIVÈSÈ PWOKLAMASYON SOU FANMI AN

"Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou mond lan" anseye prensip ki aplike pou tan jodia menmjan yo te aplike lè yo te prezante l pou lapremyè fwa jou 23 Septanm 1995 la. Panse pou w envite moun oswa fanmi w ap anseye yo pou yo selebre 20tyèm anivèsè pwoklamasyon an, kote yo gen dwa:

1. Fè lis prensip ki ladan li ki gen yon siyifikasyon espesyal pou yo. (Gade kijan Prezidan Eyring fè sa avèk lapriyè nan mesaj ki anwo a.)
2. Diskite sou fason chak prensip kapab beni yo jodia ak nan lefityè.
3. Fikse bi espesifik pou entegre prensip sa yo nan lavi yo ak pou pataje yo avèk lòt moun.

JÈN YO

Travay sou lapriyè

Prezidan Eyring anseye ke fanmi nou kapab beni pa relasyon solid nou genyen avèk Pè Selès la. Ou ka amelyore relasyon ou avèk li nan amelyore priyè w yo! Men kèk ide sou fason ou kapab fè sa:

Anvan ou kòmanse priyè w la, pran yon ti moman pou w panse sou kisa ou vle di. Reflechi sou kesyon ou ka genyen oswa bagay k ap trakase ou—ou gen dwa menm ekri yo pou w pa bliye yo. Itilize tan sa a tou pou klarifye panse w anba bagay ki te pètibe ou pandan jounen an pou w ka konsantre w sou enpresyon dou Sentespri a. Si lespri w gen tandans pou l distèrè pandan w ap priye, eseye imajine Pè Selès la k ap koute. Di l tout detay. Epi, rezève kèk minit nan fen priyè a pou w koute enspirasyon Lespri yo. Ou gen dwa ekri sa w te santi nan jounal ou.

Sonje ke priye se yon fòm travay, konsa, pa enkyete w si sa mande pratik oubyen si sa parèt difisil! Efò ou pou priye a kapab ede w devlope yon relasyon avèk Bondye ki ap beni dè jenerasyon.

TIMOUN YO

Yon rapèl pou priye

Prezidan Eyring anseye ke l enpòtan pou nou priye avèk fanmi nou. Ou kapab yon egzanp pou fanmi ou nan priye chak jou. Ou ka raple fanmi w pou yo priye ansanm chak jou tou. Sonje sitasyon sa a nan yon lòt diskou Prezidan Eyring te fè: "Pè Selès la tandè priyè nou. Li renmen nou. Li konn non nou " ("Revelasyon kontini," *Liahona*, Nov. 2014, 73).



Lafwa, Fanmi, Sekou

Kalite divin Jezikri: Puisan ak Plen Laglwa

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan Li e beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaye yo? Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Sa a fè pati yon seri Mesaj Vizit nan Fwaye ki dekri kalite Sovè a genyen.

Ekriti yo anseye nou ke Jezikri “te resevwa tout pouvwa ni nan syèl la ak sou tè a, epi laglwa Papa a te avèk li” (D&A 93:17). Èldè M. Russell Ballard nan Kolèj Douz Apot yo di ke se pa pouvwa sa a Sovè a te kreye syèl yo ak tè a, te akonpli mirak yo, epi andire doulè Jetsemani ak Kalvè a.¹ Si nou rive konprann sa, lafwa nou nan Kris la ap grandi, epi n ap vin pi solid.

Lè nou fè alyans nan tanp epi nou kenbe yo, Senyè a ba nou benediksyon pou nou gen pouvwa li. Linda K. Burton, prezidan jeneral Sosyete Sekou a, te di: “Respè alyans yo fòtifye nou, sa ba nou pouvwa epi sa pwoteje nou. . . . Dènyèman m te fè yon nouvo zanmi ki chè pou mwen. Li te mwaye m ke, apre l te fin resevwa dotasyon li nan tanp lan, li te santi

l anvayi avèk fòs pou l reziste anba tantasyon li te gen difikilte pou reziste yo.”²

Nefi rann temwayaj sou pouvwa alyans yo: “Mwen menm, Nefi, m te wè pouvwa Ti Mouton Bondye a te desann . . . sou pèp alyans Senyè a, . . . epi yo te ame avèk lajistis, e avèk pouvwa Bondye nan anpil glwa” (1 Nefi 14:14).

Ekriti adisyonèl

Jeremi 51:15; Revelasyon 1:6;
Jakòb 4:6–7; Mozya 3:17

Nan Ekriti yo

Ranpli avèk gwo konpasyon pou Mat ak Mari, Jezikri te leve frè yo a, Laza, soti anba lanmò, pa pouvwa Bondye li te posede a.

Jezi te rive lakay Mat ak Mari apre yo te fin antere Laza nan tonbo depi kat jou. Yo te ale sou tonb Laza a, epi Jezi te mande pou yo te

deplase gwo wòch ki te bouche antre kavò a. Li te di Mat: “èske m pa deja di ou: si ou kwè, wa wè pouvwa Bondye?” Epi li te priye Bondye Papa a epi “li te rele byen fò: Laza, soti deyò.

“Epi mò a te soti, de pye l ak de men l yo tou mare ak bann twal.” (Gade Jan 11:1–45.) Sovè a itilize pouvwa li pou rachte nou ak pou ba nou pouvwa. Lafwa nou nan li ap ogmante si nou sonje ke li ranpli ak pouvwa ak laglwa.

NÒT

1. Gade M. Russell Ballard, “This Is My Work and My Glory,” *Liahona*, Me 2013, 18.
2. Linda K. Burton, “The Power, Joy, and Love of Covenant Keeping,” *Liahona*, Nov. 2013, 111.

Konsidere bagay sa a

Nan ki fason pouvwa Bondye ame nou avèk pouvwa ak laglwa?